ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№107 (21.515) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗэфІагъэкІахэм хоплъэж, къапэщытхэр ягъэбелджылы

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ щЫЗЭПКЪРАХ Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Іуэхухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, дунейм и къэхъукъащІэхэм къашэ къулейсызыгъэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныкмкІэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ Управленэ нэхъыщхьэм 2008 гъэмрэ мы илъэсым щыщу блэкІа мазитхумрэ и лэжьыгъэр зыхуэдар, къыщынэмыщІауэ дяпэкІэ къыпэщыт кьалэнхэр яубзыхуащ.

Президентым и пэублэ псальэм къыхигъэщащ республикэм и министерствэхэмрэ къэрал комитетхэмрэ я отчетхэм ядэІуэнЫр зэрызэфІэкІар, иджы абыхэм къыпащІэ щыкІІэу, федеральнэ Іуэхущ1апІэхэм я щІыналъэ къудамэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм хэпльэнми мыхьэнэ хэха зэриІэр.

- Си гугъэщ абы псоми ди сэбэп хэльу. Псом ящхьэращи, министрхэмрэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ зыпэрыт ІэнатІэхэм я унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм нэхъ тыншу икІи нэхъыбІУ хэгъуэзэнущ, ди зэдзэлажьэкІэр иригъэфІэкІуэнущ. КІыбмыдэкІэ, щыхуейм деж абыхэм зэщІэдгъэкъуэфынущ, - къигъэльэгъуащ **Къанокъуэ Арсен**.

ИужькІэ зэхьыхьэм щедэІуащ УФ-м и МЧС-м республикэм щиІэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ **Шагин Сергей** ищІа докладым.

Президентыр кІащІу кьытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэхэр иджыблагъэ Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэ зэрыщІам, абыхэм щекІуэкІа зэІущІэшхуэхэм къыщыхалъхьа Іуэхугъуэхэр къызэрыщыхъуам. АпхуэдизкІэ пщэрыльхэр зэрагъэзащІэм щІэупщІащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Жамборэ Владимир**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэхэу **Тхьэзэмлыхъ Мурат, Дышэкі Мадинэ, Уянаев Казым**, къэрал комитетхэм я унафэщхэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, ирагъэблагъа къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Мэкъуауэгъуэм и 5-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ куэрыт еджапІэхэмрэ художественнэ школхэмрэ щІэсхэм мы гъэм и щІыщІэ-накъыгъэ мазэхэм сурэт щынымрэ сочиненэ тхыныкмкІэ щрагъэкІуэкІа республикэ зэпеуэм щытекІуахэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кІыхьэрагъэпэщат КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ министерствэхэм, Художникхэм я зэгухьэныгъэм.

Зэ1ущ1эм хэтащ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрым и кьуэдзэ **Карчаевэ Аминат**, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и департаментым и унафэщІым и кьуэдзэ **Мэлбахьуэ Андрей**, Налшык и Сабий художественнэ еджапІэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Зэхьуэхьу Валерэ**, КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь **Атмурзаевэ Иринэ** сымэ.

Зэхьэзэхуэр зытеухуауэ щытар УФ-м хэхьныгъэхэр зэрыщекІуэкЫм, политикэ Іуэхуэхэр зэрыщыпхагъэкІЫм ныбжьыщІэхэр щыгъуазэу къэгъэтэджынырщ, къэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэпкърахьІфу егъэзэнырщ.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэр куэд щІауэ къызыдогъэпэщ, - жиІащ Зэхьуэхьу Валерэ зэІущІэр къыщыдзэІуихым. - Еджакіуэ зэчиифІэ куэд зэхьэзэхуэм зэрыхэтам къыхэкІыу, нэхъыфІхэр къыхэпхыну гугъут. Ауэ ар тхуэзэфІэкІащ икІи зэхьэзэхуэм щытекІуа, къыхэжаныкІа дэтхэнэ зы-ми гуапэу сынывохьуэхьу. Нобэ зыІэрывгъэхьа ехьулІэныгъэр зи щІэдзапІэ творческэ зэфІэкІышхуэ куэд фІыуэ дыщогугъ.

«Хэхыныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» - арат зэрелджэр сурэт щІыным ехьэлІауэ къызэрагъэпэща зэпеуэм. Зэхьэзэхуэр щхьэж и ныбжь елытауэ зэщхьэщыхат (ильэси 7 - 10, 11 - 14), Дэтхэнэ зы сурэтыщІ ныбжьыщІэми и Іэдакъэщ1экІым уеплъыну хьэлэмэтт. Абыхэм щІэщыгъуэ, гъэщІагъэ гуэрхэр щыпльагъурти узыІэпащэрт. Зэпеуэм ятеІуанэ, (ещанэр хэтакъым), еплІанэ увыпІэхэр, къыщахьащ Редькинэ Маринэ, Іблъам Наталье, Курбановэ Эльвирэ, Кьап Джульеттэ, Петхичев Ахмеджан, Шорэ Инал, Агаджанов Владимир, Теммоевэ Зуриятсымэ.

Курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэм ятха сочиненэхэри зытеуохуар ди жылагъуэхэм экхыныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щыкІэрщ. А зэхьэзэхуэм зыми бжьыпэр щратакъым, ауэ зи тхыгъэхэр нэхъыфІу кьалъыта Бэгъуэт ФатІимэрэ Хьупсырджэн Ланэрэ етІуанэ увыпІэр, Ервас Кьантемыр ещанэр хуагъэфэщащ.

Зэпеуэм щытекІуахэм Щыхь тхыльхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ. КьищынэмыщІауэ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм зэпеуэм къыщыхаха сурэтхэр щызэхуэхьэса альбом-буклетрэ сочиненэ нэхъыфІхэм я сборник щхьэхуэрэ кьыдигъэкІынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм

НыбжьыщІэ зэчиифІэхэр ягъэпажэ

Тупикин Андрей ныбжьыщІэхэм щыхь тхьыльхэр ярет.
Сурэтыр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ*

Заказэхэр зэрыхагъашэм теухуа законодательствэм аукционым хэтынухэм я заявкэхэм зэрыхэпльэщыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза зэхъуэкІныгъэхэр хэльхьэн зэрыхуейм и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Зэрызыхуигъазэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Заказхэр зэрыхагъашэм теухуа законодательствэм аукционым хэтынухэм я заявкэхэм зэрыхэпльэщыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза зэхъуэкІныгъэхэр хэльхьэн зэрыхуейм и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Зэрызыхуигъазэм хэщІэн (мы Унафэм щыгъэщ).

2. Мы Унафэмрэ ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа Зэрызыхуигъазэ тхыгъэмрэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и лъэ егъэзыхьащ.

3. Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым я законхэр къыдэзыгъэкІ (лЫкІуэ) органхэм льэІуэкІэ захуэгъэзэн а тхыгъэр къыддаІыгъыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыплъыну кьалэн щыщЫн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, мылькумрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым.

5. Мы Унафэмрэ ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа Зэрызыхуагъазэ тхыгъэмрэ щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ хэІуущІыІу щІын.

Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм нэхъыгъэм и 28-м
№92-П-П

Заказхэр зэрыхагъашэм теухуа законодательствэм аукционым хэтынухэм я заявкэхэм зэрыхэпльэщыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза зэхъуэкІныгъэхэр хэльхьэн зэрыхуейм и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм

Зэрызыхуигъазэр

«Къэралыр, муниципалитетхэр зыхуейхэм тещІыхьауэ хьэпшыпхэр кьетгъэшэныжмкІэ, лжьыгъэхэр гъэзэщІэныжмкІэ, Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ заказхэр зэрыхагъашэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №94-ФЗ-м (адэкІэ - Федеральнэ законщІ) и 10 статьям зэриты мкІэ, къэралыр, муниципалитетхэр зыхуейхэм тещІыхьауэ хьэпшыпхэр кьегъэшэныжмкІэ, лжьыгъэхэр гъэзэщІэныжмкІэ, Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ заказхэр зэрыхагъашэ Іэмалхэм ящыщ зыщ къэрал (муниципальнэ) контрактыр уасэ нэхъ мащІэм тещІыхьауэ тхыныр кьыззыгъэпэщ сату зэпеуэхэр аукцион щІыкІэм тету егъэкІуэкІным. Аукционхэм я сЭбэпкІэ сату зэпеуэм хэтхэм Іуэхум хьэрэмыгъэ хамылъхьэныр, бюджет мылькур зэгъэзэхуэныр кьызэрэпэща мэхъу.

Федеральнэ законым и 36 статьям аукционым хэтынымкІэ заявкэхэм зэрыхэпльэм теухуауэ иГъэв кьащта, адрей псоми кьадэкІуэу, хэтщ заказыр зэгухуэнымкІэ кьыхьыхь я языныкъуэхэм щхьэчещагъэ зэрахъэныжмкІэ сэбэп хъу мардэкъэ.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа статьям ипкъ иткІэ, аукционым хэтынымкІэ заявкэхэм зэрыхэпльам ипкъ иткІэ, аукционыр езыгъэкІуэкІ комиссэм кьещІэ заказыр зыгъэзэщІэнуэр аукционым хэгъэхьэнымкІэ (хэмыгъэхьэнымкІэ) унафэ. Апхуэдэм деж заявкэхэм зэрыхэпльамкІэ протокол ятхьк икІи абы кьыщагъэльагъуэ заказхэр гъэзэщІэным хэтын папщІэ заявкэхэр кьэзытахэр, апхуэдизкІэ заказхэр гъэзэщІэным пыщІахэм ящыщу аукционым хагъэхьэхэр (хамыгъэхьэхэр). А протоколыр заявкэхэм хэпльэн щауха махуэм Интернетым и официальнэ сайтым иратльэ икІи протоколым Іэ щытратэ махуэм кьыкІэлъыкІуэм нэхъ кІасэ мыхьуу заказыр гъэзэщІэнымкІэ заявкэхэр хэзыха псоми апхуэдизу хуагъэхь кьащта унафэр кьыщыгъэльэгъуа хьыбарегъащІэхэр.

А щІыкІэм тету, заказхэр гъэзэщІэнымкІэ аукционым хэтыну хуит ящІахэр а аукционыр ирагъэкІуэкІыным и пэ кьихуэу щыгъуазэ мэхъу абы хэтыну адрей Іуэхущ1апІэхэр е щЫхуэхэр зищІысым. Апхуэдэ щытыкІэм Іэмал псори кьет аукционым хэтхэр зэгурыІуэу контрактыр ягъэхь лъапІэу (пэщІэдзэ уасэмкІэ) ирагъэтхьныжмкІэ (зы фІэкІ кьэмынэу адрей псори аукционым зэремыкІуалІэм кьыхэкІыу) е а уасэм кІэрагъэху щІагъэуэ щымыІэу пхагъэкІынымкІэ. Апхуэдэм деж сату зэпеуэ кьыззыгъэпэщхэм а зэпеуэм хэтхэр зэрызэгурыІуамкІэ щэч ящІ щхьэкІэ, ипэжьпІэкІэ зыри яхуэгъэкъуэншэркъым. Абы кьыхэкІыу заказыр зэрыхагъашэ щІыкІэм хэпльэнхэщ захуэщагъэр накъыгъэхъуным тещІыхьа мардэхэр.

Абы и лъэныкъуэкІэ хэхІпІэщ аукционым хэтынымкІэ заявкэхэм хэпльэнри аукционыр егъэкІуэкІынри зы махуэм зэфІэгъэкІыныр. Ауэ абы папщІэ заявкэхэм зэрыхэпльам кърикІуамкІэ хьыбарыр аукционыр зэфІэкІыху Интернетым иплъэхь хьунукъым, мы Іуэхум техуауэ аукционымкІэ комиссэм и унафэр аукционым хэтыну кьекІуэлІаэм щетыпхьэр езы аукционым щыщІидзэм дежщ.

А псоми ящхьэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым лъэІуэкІ зыкъыфхуегъазэ зи гугъу тщІа нЫкъуэныпхъэр гъэзэкІужьным теухуа зэхъуэкІныгъэхэр «Къэралыр, муниципалитетхэр зыхуейхэм тещІыхьауэ хьэпшыпхэр кьегъэшэныжмкІэ, лжьыгъэхэр гъэзэщІэныжмкІэ, Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ заказхэр зэрыхагъашэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №94-ФЗ-м хэльхьэным фыхэлъэну.

Ди индексыр 51531

Журналистхэм я зэхуэс

АДЫГЕЙ. *Урысей Ипщэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я ещанэ зэхуэс мэкъуауэгъуэм и 25-27 махуэхэм Мейкъуапэ щекІуэкІынущ. НыбжьыкІ пІалъэхэм щыщІэдзауэ ар дунейпсо мыхьэнэ зиІэщ.*

- ЗЭХУЭСЫМ кьеблагъэ журналистхэм кьахэхьуэ зэпытщ. Иджы Мейкъуапэ къэзыІуэнущ Абхъазыем, Осетие Ипщэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэри. Зэ1ущ1эм къыщалэтынущ дин, лъэпкъ шы1эныгъэм къыхуезыджэ, хуэзыгъасэ Іуэхугъуэхэр, терроризм, экстремизм щІэпхьаджагъэхэм пэщІэтыныжмкІэ журналистхэм ялэжьыпхьэхэр, - щыжаІащ Адыгейм Лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэмкІэ и комитетым.

Мэл лъэпкъыфІхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Мэл лъэпкъыфІгъэхъуныжмкІэ Ставрополь краим иджыблагъэ щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэм Къэрэшей-Шэрджэсым медаль 21-рэ къыщихьащ.*

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэшыжмкІэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ Джатдоев Хьызыр зэрыжиІамкІэ, щІыналъэм мэл лъэпкъыфІ щызыгъэхъуу Іуэхущ1апІэхэм дыщэ медалу 6, дыжьыну 5, жэзу 10 кьахьащ.

КЪШР-м и мэлхэм УФ-м и щІыналъэхэм щІэпщІэшхуэ щІэзыщ икІи ахэр хурагъэщэну зэгурыІуэныгъэ языныкъуэхэм иращылащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Прохладнэ куей

Лъэмыжыщ1э къызэІуах

Прохладнэ къалэм и гъущІ гъуэгуэм зэрызэпрыкІ лъэс лъэмыжыр фыды дыдэу зэрагъэпэщыж, щІэрыщІэу яухуэу жьыпэкІи ущымыуэну.Лъэжьыгъэшхуэ яокІуэкІ. 1941 гъэм яухуауэ щыта лъэмыжыр иужь дыдэу зыхуей щыхуагъэзар илъэс 26-рэ ипэкІэщ.

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу гъущІэхэр, лъэмыжм якІуэ дэлъ пхъэбгъуэхэри «телэжьыкІар». Кьалэм и жьилэ нэхъ инхэр зэпызыщІэ лъэмыжыр жьы зэрыхъуам щІыхуэхэр ямылейуэ гугъу ирагъэхьырт. Ар кьалъытэри, мы уухэныгъэм ирагъэувэлІащ «СК Мостотрест» ООО-р. Мы илъэсым и пэщІэдзэм кьрахьэжьа лэжьыгъэр и кІэм нобэрагъэ. Лъэмыжыр иджырей мардэм тету ящІ - мыбы халъхьащ зэман кІыхькІэ мыхъеІуэ ар зыІыгъыну гъущІ пкъыгъуэхэр, щІэгъэкъуэн лъэщІхэр хуащІащ. Ар жэщ псом кьагъэнэхунщ. Кьат куэду зэтет псэупІэ унэхэм зэрапэгъунэгъуэм щыхьэкІыу, дэкІуеипІэхэр пластиккІэ кьаІуІыхьащ, лъэмыжым пхъэнкІий кьрамыдзыхыфын хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Прохладнэ куей

Лъэмыжыщ1э къызэІуах

Прохладнэ къалэм и гъущІ гъуэгуэм зэрызэпрыкІ лъэс лъэмыжыр фыды дыдэу зэрагъэпэщыж, щІэрыщІэу яухуэу жьыпэкІи ущымыуэну.Лъэжьыгъэшхуэ яокІуэкІ. 1941 гъэм яухуауэ щыта лъэмыжыр иужь дыдэу зыхуей щыхуагъэзар илъэс 26-рэ ипэкІэщ.

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу гъущІэхэр, лъэмыжм якІуэ дэлъ пхъэбгъуэхэри «телэжьыкІар». Кьалэм и жьилэ нэхъ инхэр зэпызыщІэ лъэмыжыр жьы зэрыхъуам щІыхуэхэр ямылейуэ гугъу ирагъэхьырт. Ар кьалъытэри, мы уухэныгъэм ирагъэувэлІащ «СК Мостотрест» ООО-р. Мы илъэсым и пэщІэдзэм кьрахьэжьа лэжьыгъэр и кІэм нобэрагъэ. Лъэмыжыр иджырей мардэм тету ящІ - мыбы халъхьащ зэман кІыхькІэ мыхъеІуэ ар зыІыгъыну гъущІ пкъыгъуэхэр, щІэгъэкъуэн лъэщІхэр хуащІащ. Ар жэщ псом кьагъэнэхунщ. Кьат куэду зэтет псэупІэ унэхэм зэрапэгъунэгъуэм щыхьэкІыу, дэкІуеипІэхэр пластиккІэ кьаІуІыхьащ, лъэмыжым пхъэнкІий кьрамыдзыхыфын хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Урысейм и Федерацэм (июным) и 9, гъубж

Мэкъуауэгъуэм и 5-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ курыт еджапІэхэмрэ художественнэ школхэмрэ щІэсхэм мы гъэм и щІыщІэ-накъыгъэ мазэхэм сурэт щынымрэ сочиненэ тхыныкмкІэ щрагъэкІуэкІа республикэ зэпеуэм щытекІуахэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кІыхьэрагъэпэщат КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ министерствэхэм, Художникхэм я зэгухьэныгъэм.

Зэ1ущ1эм хэтащ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрым и кьуэдзэ **Карчаевэ Аминат**, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и департаментым и унафэщІым и кьуэдзэ **Мэлбахьуэ Андрей**, Налшык и Сабий художественнэ еджапІэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Зэхьуэхьу Валерэ**, КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь **Атмурзаевэ Иринэ** сымэ.

Зэхьэзэхуэр зытеухуауэ щытар УФ-м хэхьныгъэхэр зэрыщекІуэкЫм, политикэ Іуэхуэхэр зэрыщыпхагъэкІЫм ныбжьыщІэхэр щыгъуазэу къэгъэтэджынырщ, къэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэпкърахьІфу егъэзэнырщ.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэр куэд щІауэ къызыдогъэпэщ, - жиІащ Зэхьуэхьу Валерэ зэІущІэр къыщыдзэІуихым. - Еджакіуэ зэчиифІэ куэд зэхьэзэхуэм зэрыхэтам къыхэкІыу, нэхъыфІхэр къыхэпхыну гугъут. Ауэ ар тхуэзэфІэкІащ икІи зэхьэзэхуэм щытекІуа, къыхэжаныкІа дэтхэнэ зы-ми гуапэу сынывохьуэхьу. Нобэ зыІэрывгъэхьа ехьулІэныгъэр зи щІэдзапІэ творческэ зэфІэкІышхуэ куэд фІыуэ дыщогугъ.

«Хэхыныгъэхэр сабийхэм я нэкІэ» - арат зэрелджэр сурэт щІыным ехьэлІауэ къызэрагъэпэща зэпеуэм. Зэхьэзэхуэр щхьэж и ныбжь елытауэ зэщхьэщыхат (ильэси 7 - 10, 11 - 14), Дэтхэнэ зы сурэтыщІ ныбжьыщІэми и Іэдакъэщ1экІым уеплъыну хьэлэмэтт. Абыхэм щІэщыгъуэ, гъэщІагъэ гуэрхэр щыпльагъурти узыІэпащэрт. Зэпеуэм ятеІуанэ, (ещанэр хэтакъым), еплІанэ увыпІэхэр, къыщахьащ Редькинэ Маринэ, Іблъам Наталье, Курбановэ Эльвирэ, Кьап Джульеттэ, Петхичев Ахмеджан, Шорэ Инал, Агаджанов Владимир, Теммоевэ Зуриятсымэ.

Курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэм ятха сочиненэхэри зытеуохуар ди жылагъуэхэм экхыныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щыкІэрщ. А зэхьэзэхуэм зыми бжьыпэр щратакъым, ауэ зи тхыгъэхэр нэхъыфІу кьалъыта Бэгъуэт ФатІимэрэ Хьупсырджэн Ланэрэ етІуанэ увыпІэр, Ервас Кьантемыр ещанэр хуагъэфэщащ.

Зэпеуэм щытекІуахэм Щыхь тхыльхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ. КьищынэмыщІауэ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм зэпеуэм къыщыхаха сурэтхэр щызэхуэхьэса альбом-буклетрэ сочиненэ нэхъыфІхэм я сборник щхьэхуэрэ кьыдигъэкІынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Сабингъуэ

Гукъыдэжьыр къаІэт

Налшык къалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и кьудамэм щылажьэхэм я жэрдэмкІэ мы махуэхэм кьалащхьэм щокІуэкІ псапэ зыпылъ Іуэхугъуэхэр, Дхэр хуэзэгъащІ сабий нысхуэдэу-хуэхэм, сабий унэхэм я гъэсэнхэм, бынунагъэщІхуэхэм защІэгъэкъуэным.

ХЬЭТІОХЪУЩЫКЪУЕЙ, Дэшхуей хадэхэм, «ЩІалэгъуалэ» хьэблэм и парк-ким сабийхэм папщІэ къыщызэрагъэпэщащ концертхэр, нэгуэныжь зэрыхьхьэхэр, зэпеуэхэр. ПсапащІэ Іуэхум жыджэру хэтащ Потребкооперацэмкіэ Белгород университетым Налшык щиІэ къудамэм, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием я студентхэр, «Дебаты» щІалэгъуалэ клубым, «Зы дыгъэм дрибынщ» сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт ныбжьыщІэхэр. Абыхэм сабийхэр ягъэджэгуащ, къагъэфащ, спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ зэпрагъэуащ, аттракционым я нэгу зыщрагъэжьащ. ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и студентхэу Гацалаев Аэмэт, Къуэ Арсен, Тхьэгъэпсо Нартщауэ сымэ сабийхэм пшынэ яхуеуащ.

Кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и кьудамэм и унафэщІ Бачиевэ Анжелэ зэрыжиІэмкІэ, щІалэгъуалэм Іуэху дахэ ялэжь сабийхэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яІэным теухуауэ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Тэрч куей

Я фейдэ зыхэлъыр ящІэ

Тэрч районым хыхьэ Инарыкьуейр республикэм и кьуажэ пхыдзахэм зэращыщым гугъуехь щхьэхуэхэр кьыдэмыкІуэу кьаназркъым. Апхуэдизу щытми, кьуажэ унафэщІхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ мы зэманым кьыдэкІуа гугъуехьхэм пэщІэтыным, щыхухэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэным.

МЫ ЖЫЛЭР илъэс куэдкІэ псы щхьэкІэ гугъу зэрехьар кьалытэри, зэхъуэжьныгъэшхуэ щрагъэкІуэкІащ «Курп и псы зэхуэхьэсыпІэ» хэм икІи щыІэ 1500-м щигъу зыщыпсэу жылагъуэм и Іуэхур нэхъыфІ хъуащ. Дяпэкіэ иужь ихьэнущ псыр зрикІуэ бжьамий кхьахэхэр зэхьэжькІыным, кьуажэ уэрамхэр кьагъэнэхуным. Инарыкьуейм и щыпІэ администрацэм и унафэщІ КІуащ Владимир щыгъуазэ дыІэрищІыкІэ, лэжьыгъэшхуэ ещІыпІэн хуейуэ кьапэщІыкІыну щІыкІэм зэхуэмыдэу щІыхь зэрыгъэкІуэн. Ящ игъэщІыпхъэу кьалъытэ мы Іуэхуэхэр зэфІагъэкІа нэужь, бизнес щыкІум зрагъэужьыну я мурадщ. ХьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэм я кьарукІэ мы щыпІэм кьыщызэІуахынущ гъавэхэкІым, хадэхэкІым, гъэщым, лым щелэжь Іуэхущ1апІэ щыкІухэр. Инарыкьуейдэсхэм кьагуроІуэ щым телэжьыхьыным фейдэ зэрыпльыр икІи а ІэнатІэм зрагъэужьыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ныбжьыкъ зымыгъэтъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нужьрейуэ Европэм щекІуэкІа Европарламент хэхыныгъэхэм хэтар ашхуэдизкІэ щыхуэ машІэщи, 1979 гъэ лъапІэр ашхуэпІ щымыІэуэ экспертхэм кьалыІэ.

ИтІани, хьэкъыгъэр щыІауэ кьалытащ. Абы и кандидат 736-м щыщу 268 хуэдизыр лъос Европэм и цІыхубэ партым. Европэм и социалистхэм я партыр мэгугъэ мандати 170-кІэ.

Урысейм и Федерацэм (июным) и 9, гъубж

Урысейм и Федерацэм и Президент Медведевэ Дмитрий Анатолий Израилым и правительствэм унафэ щхьэхуэ кьыщтащ. Ар зыгъэзэщІэн хуей гуныт и унафэщІу хахащ къэрал щыІэ Іуэхуэмкіэ министр Либерман Авигдор. Арат мы унафэр кьащтэнэр зи жэрдэмри.

- Израильмрэ Урысейм я зэпыщІэныгъэхэм зеубгъу. Дунейпсо политикэм ехьэлІауэ ар дэ ди фейдэ зыхэтщ. СССР-р зэрыкьэтэжьэ, Урысейм кІэу ящІ Лиф Лорэр корей бзылъхугъэ Ли Юнэрэ КНДР-м и суд нэхъыщхьэм и унафэкІэ ягъэтІылъащ щыкІэ 12-кІэ.

Ахэр мы гъэм и гъатхэпэм щаубыдат Китаймрэ КНДР-мрэ я къэрал гъунапкъэхэм деж видеокамерэкІэ щытрахыу, КНДР-м щхьэу икІуэсыкІ лэжьыгъэшхэм ятеуухуа фильм ягъэхьэзырын папщІэ. «Судым иаІуэ къыщІащ корей лъэпкъым хуэунэтІауэ щІэпхъаджагъэшхуэ абыхэм зэралэжьар, къэрал гъунапкъэри хабзэншхуэ къызэрызэпаупщІар», - кьет КНДР-м и телетраф агентством.

США-м и Къэрал секретарь Клинтон Хиллари къыхуриджащ журналистхэр кьауТІыпщыкьыну, ахэр зэрагъэкъуаншэ псоми пэж лъэпкъ хэмылъуи кьиІытащ.

Урысейм и Федерацэм (июным) и 9, гъубж

США-м и «Каррент-ТВ» телекомпанием щылажьэу щыта, а къэралым и цІыхухэу, лъпкъкІэ китайхэм ящыщ Лин Лоррэр корей бзылъхугъэ Ли Юнэрэ КНДР-м и суд нэхъыщхьэм и унафэкІэ ягъэтІылъащ щыкІэ 12-кІэ.

Ахэр мы гъэм и гъатхэпэм щаубыдат Китаймрэ КНДР-мрэ я къэрал гъунапкъэхэм деж видеокамерэкІэ щытрахыу, КНДР-м щхьэу икІуэсыкІ лэжьыгъэшхэм ятеуухуа фильм ягъэхьэзырын папщІэ. «Судым иаІуэ къыщІащ корей лъэпкъым хуэунэтІауэ щІэпхъаджагъэшхуэ абыхэм зэралэжьар, къэрал гъунапкъэри хабзэншхуэ къызэрызэпаупщІар», - кьет КНДР-м и телетраф агентством.

США-м и Къэрал секретарь Клинтон Хиллари къыхуриджащ журналистхэр кьауТІыпщыкьыну, ахэр зэрагъэкъуаншэ псоми пэж лъэпкъ хэмылъуи кьиІытащ.

Ильэс 12-кІэ

Мэкъуауэгъуэм и 9-м Мэкъуэмай щыІэ Ленинэ ЦК-м и Пленумым щыгъэнэфащ ЦК-м и Секретарь Горбачевэ Михаил. Ар ЦК-м и Генеральнэ Секретарь ящІ. Ар ЦК-м и Генеральнэ Секретарь ящІ ильэс 12-кІэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэхъыжь зымыгъэтъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым.

Хэхуа транспортым и дунейпсо ассоциацэм и унафэщІ Бишкиным Джованни зэрыжиІэмкІэ, мы гъэм авиапредприятиехэм зыкІыныкъуэ яІэнуп доллар мелардэ 9-м нэс.

- Иджырей гугъуехьхэм хуэдэ авиапромышленностыр зэи Іууакъым, - жеІэ абы.

Иужьрей илъэс ныкъуэм авиаІуэхущ1апІэхэр зыпэмлъэ хэщІыныгъэм зэпымыуэу хэхъуэ зэпытщ. Нэгьабэ и ди гъэгъазэм я гугъат доллар мелардэ 2,5-рэ фІэкІа яхэмыщІыну. Иджы ар доллар мелардэ 9-м нэсащ. Бизиныкни Джованни зэрыжиІэмкІэ, а бжьагъэхэм зэпымыуэу зэрагъэІэт дагъэтъэсыныпхъэм и уасэм дуней псом зэрыщыхьэхьуэми, А/Н1N1 гриппым и вирусыр кьыззэрыгъхуэр авиабилету ящхьэр нэхъ мащІэ зэрыхъуам.

Нэгьабэ авиакомпаниехэр я лжьыгъэм хилъэфащ доллар мелардэ 5-кІэ: хьэпъэу ягъэпэхьуэм процентэ 4 хэщІауэ арат, я Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпа цІыхухэм процент 1,6-кІэ хэхьуа пэтми.

♦Мэкъуауэгъуэм и 9 - 11-хэм Бишкек (Кьыргъыз) щекІуэкІынущ экономикэмкІэ Іуэрсей-кьыргъыз зэІущІэ.

♦Зэныбжьыгъуэхэм я дунейпсо махуэщ.

♦1672 гъэм кьалъхуащ япэ урыс пащт

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іэухуэкіэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр гъэзэщіэныжьмкіэ лэжьыпхъэхэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм гъатхэпэм и 16-м **№56-ПП**

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іэухуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткіэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щі**:

1. 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкіэ - республикэ бюджет) гъэзэщіэным щіэдзэн. «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іэухуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 17-нэ статьям ипкъ иткіэ (адэкіэ - Закон), Урысей Федерацым бюджетымкіэ и законодательствэм игъэуба пщэрылъхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм зэрригъэувам хуэдэу, 2009 гъэм и республикэ бюджетыр зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэм (адэкІэ - зэрызэкІэлъыхьа) тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІэныр къызэгъэпэщын.

2. Республикэ бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм:

налогхэр, зэхуэхьэс ахъшэхэр, фІэкІыпІэ зимыІэ нэгъэщІ платежхэр къэхэхэным, ахэр тІыжьныжьмкІэ щІыхуэхэр гъэмэщІэным теухуауэ лэжьыпхъэхэр къызэгъэпэщын;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министерствэм етын:

кварталкъэс, кварталым и ялэ мазэм и 10-мэмызу, къыкІэлъыкІуэ кварталым мазэкІэрэ зэщхьэщыхьауэ хэхъуэу къаІэрыхьэну зыщыгугъыр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм игъэуа пІалъэм тету, республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым зэрагъэзащІэм теуха аналитикэ тхылъхэр.

3. Республикэ бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэмрэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр зезыгъакІуэ адрей администрацхэмрэ мы Унафэм кІыру игъуэта нэужь, мазитІым кІыриубыдау республикэ бюджетым и хэхъуэхэр зезыгъакІуэм и зыхуэфащэ пщэрылъхэр абыхэм я щІыналъэ органхэмрэ Іэухуэщ1ап1эхэмрэ егъэбыдыпІэныр къызэрагъэпэщын, апхуэдэу республикэ бюджетым мыпаІуэу хагъэхьэ хэхъуэхэр гъэбелджылыным теуха Іэухуэгъуэхэр ирагъакІуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къалэнхэм зэхъуэкІыныгъэ ягъуэтамэ, республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я хэкІыпІэ нэхъыщхьэр абыхэм зэрегъэбыдыпІа щІыкІэм хэлъэжьну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Финансхэмкіэ и министерствэр хуит щІын.

4. Республикэ бюджетыр кассэ Іэмалкіэ щагъэзащІэкІэ Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ и министерствэм и чэнджещІэхэр къалъытэну, платеж тхылъхэр къыщыІэхкІэ ятхэр экономикэм зэрыщІэзэкІэлъыхьа чэзыум тету къызэрагъэпэщыну гъэувын:

ялэ чэзыр : улахуэр, компенсацыу ятхэр, цІыхуэхэм я пенсэм , социальнэ, медицинэ страхованэм пэкІуэ пособиехэмрэ ятхэмрэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ пособиехэр, стипендиехэр;

етІуанэ чэзыр: связым и Іуэхутхьэбзэхэм, хущъхуэхэм, уІэгъэпхэм, ерыскъым, коммуналнэ Іуэхутхьебзэхэм пкІуэхэр, пщІэнэшу бюджетхэм халъхьэхэр, къэрал кІуэцІ щІыкІуэхэр къэгъэсэбэпыныжьмрэ тыжьнымрэ;

ещанэ чэзыр: мыпкъыр къызэрагъэсэбэпыні хуэзэ бюджетым и къэрал, улахуэр етыным къышынэмыщІа, ахъшэ Іэрыпхъэ хэмыту къагъэсэбэпыну гъэувын.

Лэжьыгъэм пэкІуэ пщІэр коллектив зэгурыІуэныгъэм е лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэм (контрактым) япкъ иткІэ, цІыкІэм кредит Іэухуэщ1ап1эхэм щІэ счетхэм къэкІуэн хуейбц. Адрес щІыкІэм иратхэр абыхэм кредит Іэухуэщ1ап1эхэм щІэ счетхэм эхъуэпхъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ къэрал Іэнатіэхэмрэ чэнджещІ етын мы Унафэм кІыру игъуэта нэужь, тхьэмахуитІ пІалъэм кІэрыубыдау щІыкІэхэм Іэухуэщ1ап1эхэм щІэІэ я счетхэм зэрагъакІуэ Іэмалымкіэ улахуэр зэратынум теухуа пщалъэхэр коллектив зэгурыІуэныгъэхэм е лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэхэм (контрактхэм) ягъэува хабзэм тету хагъэхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ Іэухуэщ1ап1эхэм, муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм чэнджещІ етын муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэр щагъэзащІэкІэ мы Унафэм и 6-нэ пунктым щыгъэзыуа мардэхэм тетыну.

7. Законым и 17-нэ статьям и 1-нэ пунктым и 1-нэ пункт къуэдзэм, 2008 гъэм организацэхэм я мылъкум техьэ налогымрэ щІы налогымрэ расчет яІэн папщІэ, республикэ бюджетыр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм 2008 гъэм ягъэхьыра реестр зэхэтхэм, апхуэдэу 2009 гъэм гъатхэпэм и 1 пщІондэ бюджет Іуэхуэщ1ап1эхэм я реестрхэм зэрыхагъэхьам хуэдэу, 2008 гъэм я ялэ кварталым налогыу зыхуэхьэсамрэ ятамрэ зыхуэдизым теухуауэ Федеральнэ налог Іэнатіэм и информацэм ирагъакІуэ, гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм:

Республикэ бюджетым и мылъкуэр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм, абыхэм я унафэм щІэт къэрал Іэухуэщ1ап1эхэм, апхуэдэу организацэхэм я мылъкуэм техьэ налогымрэ щІы налогымрэ 2009 гъэм ятынкІыжьзэгъэпэщыным экономикэр хуэзэщІэзыгъэуІуэ организацэхэм зыхуеину ахъшэр ятрегушэ;

республикэ бюджетыр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм я дек 2009 гъэм и бюджет зэхэтыр зэрыщІэзэкІэлъыхьар ягъэува хабзэм тету, илъэсым мылъкуу зыхуеинум тещІыхьауэ щагъэбелджылы.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ къэрал Іэухуэщ1ап1эхэмрэ щІыналъэ налог органхэм я учетым щымыІэ организацэхэр я лэжьыгъэм хэшІыкІу (Іэухутхьебзэ ирагъащІэмэ), махуибл пІалъэм кІэрыубыдэу Федеральнэ налог Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэ Управленэм Іэрагъэхьэн хуейц предприятэхэм я реквизит псори кІыхьэщІыубыдэу абыхэм иращІылІа зэрызэрыІуэныгъэхэмрэ пщІэр зэрызэІэпахынум теуха информацэмрэ.

Федеральнэ налог Іэухуэщ1ап1эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэ Управленэм чэнджещІ етын зи гугъу тщІы организацэхэр подразделенэ щхьэхуэхэр здэщІы щІыпІэхэм я налог учетым Іэмал имыІэу Іэнатіэм хуэмейрэ кІыпщытэну.

9. Я Іуэхущ1афэм кІыпэкІуэ хэхъуэм и хъэжькІэ ятын хуейм теуха зэгурыІуэныгъэхэри хыхьэу, хъэпшыпкІэ кІыызэгъэпэщыным, лэжьыгъэхэр гъэзэщІэным, Іуэхутхьебзэхэр яхуэщІэным ехьэлІа зэгурыІуэныгъэхэр щыІэкІэ республикэ бюджетым и мылъкуэр зыхуэхахъэм щхьэкІэ гъэувын:

1) авансхэр ятыну зэрыхуитыр:

зэгурыІуэныгъэм (контрактым) кІыщІигъэІуэгъуэ бжьыгъэм и проценти 100-м нэсу, ауэ санаторэ-курорт путевкэхэм я уасэхэр тыныкІэ зэгурыІуэныгъэхэмкІэ (контрактхэмкІэ), транспорт зиІэхэм яхь граждан зэуапІыныгъэр фІэкІыпІэ зимыІэ страхованэ щІыныкІэ зэгурыІуэныгъэхэмкІэ, апхуэдэу «2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм папщІэ Іэщ1агъэпІкІэр гъэхьэзырыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэ» республикэ программэ хэхам тету, республикэ бюджетым и мылъкуэм и хьэкъкІэ мы финанс илъэсым ягъэзащІэн хуей бюджетым ятын я лимитхэм щІигъуу;

зэгурыІуэныгъэм (контрактым) кІыщІигъэІуэгъуэ бжьыгъэм и процент 30-м нэсу, ауэ Урысей Федерацэм и законодательствэм нэгъуэщІу щымыІэбзыуэмэ, адрей зэгурыІуэныгъэхэмкІэ (контрактхэмкІэ) республикэ бюджетым щыщ мылъкум и хьэкъкІэ мы финанс илъэсым ягъэзэщІэн хуей бюджет лимитхэм я процент 30-м щымыгъуу;

2) мыпхуэдэ мардэхэр хэгъэхьауэ, абыхэм япкъ иткІэ:

зэхуаІэ зэгурыІуэныгъэхэмкІэ щІыхуэ зытелъыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іэухуэщ1ап1эу и и къэрал предприятэу щытмэ, ахэр ягъэзэщІэну яхуигъэувыну (яхудичыхьну) хуиту кредиторым Іэмал етын. ЩІыхуэ зытелъым и арэзынныгъэкІэ а кІэлэнкІэр нэгъуэщІым егъэзащІэ;

зэгурыІуэныгъэм (къэрал контрактым) аванснр зыхуэдэр щІигъэбелджылаиз, аванснр щагъэхьам (контрактым) щІэдзэ;

Іуэхур къыззэгъэпэщым зэгурыІуэныгъэм (къэрал контрактым) щыубзыхуахэр и чэзум имыгъэзащІэмэ, закъыр зейм и кІалэнщ Урысей Федерацэм и законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу ар игъэпэшынэу (къуэдз, пеньяхэр трилъхьэну).

10. Урысей Федерацэм и законодательствэм езэгъмэ, дебитор щІыхуэр щхьэщыхну, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм и арэзынныгъэ хэлъу сом минищ1ым щІигъу дебитор щІыхуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іэухуэщ1ап1эхэмрэ предприятэхэмрэ нэгъуэщІым яхудичыхьну хуиту гъэувын.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ Іэухуэщ1ап1эхэм, муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм чэнджещІ етын мы Унафэм и бюджетхэр щагъэзащІэкІэ мы Унафэм и 9-10-нэ пунктхэм къыщыгъэлъэгъуа мардэхэм тетыну.

12. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджещІ етын 2009 гъэм муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэм теухуауэ зыхуэфащэ органхэм кІащта унафэхэр, апхуэдэу абыхэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэм теуха тхьилъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэмрэ Федеральнэ налог Іэухуэщ1ап1эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэ Управленэмрэ ягъэзащІэну.

13. ЦІыхуэхэм мылъкукІэ защІэгъэзэкуэным республикэ бюджетым зэуІуу щыхуэхьэ ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я унафэхэм тету къагъэсэбэпыну иКІи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм иту гъэувын.

14. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэр хуит щІын 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищтауэ ямыгъэзэщІа тхьилъхэр 2009 гъэм и республикэ бюджетым и мылъкум и хьэкъкІэ, Унафэм щІыгъу гуэдзэным зэрыщІэзэкІэлъыхьар зэрызэІэпахынум теуха информацэмрэ.

15. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Бышэн А.А.) къызэрегъэпэщ:

федеральнэ бюджетым льэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэным хуэхъ субсидиехэмрэ субвенцэхэмрэ Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я нормативно-правовой актхэм ямыгъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я нормативно-правовой актхэм ямыгъэзащІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мылъкуэм нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм реестрхэм зэрыщатхам тету, хъэрычэт лэжьыгъэ мыиныжьмрэ агропромышленнэ комплексымрэ къэралым защІигъэкъуэным теуха Іуэхуэгъуэхэм ахъшэ яхуэх;

телерадионэтынхэм («Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телевизионнэ канал» къэрал Іэухуэщ1ап1эм кьищынымыщІа) къэралым защІигъэкъуэным теуха Іуэхуэгъуэхэм ахъшэ яхуэхэ зэпеуэр и лъабжьэу зэращІыІІа зэгурыІуэныгъэхэмрэ кІэрыкІуэ зэфІэгъэкІа лэжьыгъэхэмрэ ямыгъэзащІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм кьищта аКтхэм тету.

Республикэ бюджетым и мылъкуэр нэхъыщхьэу зезыгъакІуэхэм субсидиехэмрэ субвенцэхэмрэ зыхуэхьа Іуэхуэгъуэхэм къызэрыщагъэсэбэп щІыкІэм кІэлъыпІныжьм къызэрагъэпэщын хуейц.

Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым (Къанокъуэ А. А.) мазэ къэс и 10-нэ махуэм нэхъ фІэмыкІыу итын хуейц 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пщІэнэшу медицинэ хэІуэхуэщІэу зэфІэхэм теуха къэрал щэсыпІэхэм ямпкъ иткІэ, мылажьэ щІыхуэр страхованэ ящІын папщІэ республикэ лэжьыпхъэхэм теуха Іуэхуэ щІэІэ ящІын хуейц статьякІэ зэщхьэщыхуаз къызэрагъэсэбэпым и отчетыр.

«2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іэухуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ и Правительствэм и Унафэщ1ым я ялэ къуэдзэ ТхъэзэпІлъэж М.ТІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ЯРИН Андрей

●Щнкъухьащ адыгэр дунеижьым

Иордан пащтыхьыгъуэм и лЫкІуэу Оттавэ щыІэ Зухейр аль Муфти (Хьэжкъуэ) Канадэм и губернатор Миченер Роланд йопсалъэ.
Оттавэ къалэ, 1972 гъэ

●Хьэрычэтыщ1э Іуэ хуэхэр

СЭБАНШЫ Назми:

Іэщ1агъэл1хэр догъэхьэзыр

***КъБР-м и Президентым республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуа кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщщ хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ мынкъэмрэ курытхэмрэ ди деж зыщегъэужьныныр, Іэщ1агъэл1 ныбжьыщ1эхэр гъэхъэзырыныр. Республикэм а Іуэхуэхэр зэрыщыщдэкІым тедгъэпсэлъыхьын мурадкІэ дэ зыхуэдгъэзащ1 «Карпак-Н» фирмэм и унафэщ1, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Сэбаншы Назми.*

- Назми, узиунафэщ1 Іуэхуэщ1ап1эр къызэрызэрегъэпэщащ1ыкІэмрэ абы и Іэнатіэмрэ дыщыбгъэгъуэзамэ ди гуапэт.

- Хамэ къэралхэм кьикІыжьа адыгэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ Налшык кьалэм дэсхэмрэ я зэгуэхьныгъэ 1995 гъэм щыщкъэІум и 5-м кьызэдгъэпэщащ. Абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ и лжьэкІэмрэ зигу дыжьа Щэ джэм, Т эрш, Прохладнэ кьалэхэм щыщхэмрэ Аруан, Май куейхэм хьыхь кьуэжьдэс хьэрычэтыщ1эхэмрэ иужькІэ кьытхьыбаxэщ.

Абы ипкъ иткІэ, зэгуэхьныгъэм и щІэри тхьуэжащ. Иджы зэреджэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и коммерцэ зэгуэхьныгъэ - «Налшык и бизнес-клуб» жиІэущ.

Ди лэжьыгъэм и гугъу пщІымэ, абы хэтхэм Іэухуэ кьалэтхэр ягъэбыдэн, я мурадхэр зрагъэхьулІэн, Іэнатіэ зыпэрытхэм зрагъэубгъун и лъэныкъуэкІэ Іуэхугъуэхэр зэмылІэужьыгъуэу яунэтІ. Хьэрычэтыщ1эхэр я Іэнатіэхэм зыщыкІуэ лъэпощхьэпохэм пэлъэщын щхьэкІэ, ди Зэгуэхьныгъэр сыт щыгъуи щІэгъэкъуэн мэхъу. Псалъэм папщІэ, кьэрал мылькур бэджэнду кьэщІэныжьмкІэ, ар щхьэхэхуэу мылъку щІымыжьІ дОпэщхьэпохэм зэхуэмыдэхэм папщІэ лицензэхэр, кьэрал регистрацэхэр кьахуэзрегъэпэщ. КьищынэмыщІауэ, ди юристхэр хьэрычэтыщ1эхэм ядоІэпыкІуэ.

- Республикэм и хьэрычэтыщ1э Іэнатіэхэм я щытыкІэр дауэ кьыпщыхьурэ?

- 2007 гъэм и щІышІэ мазэм, кьыщыщІэдзауэ ятхэуэ Іуэхущ1ап1э мыину КъБР-м 2407-рэ щолажьэ. Абы кьищынэмыщІауэ, лиценз1э яІэу щхьэхакъуэ хьэрычэтыщ1э 17936-рэ щыІэщ. Иужьрей зэманым ди республикэм и экономикэм епхауэ лажьэхэм ящыщу процент 20-м Іэнатіэ мыинхэм зратащ. Нобэ ди зэгуэхьныгъэм Іэнатіэ 80 х этщ. Абыхэм ящыщщ мэкъумэшым пыщІа, уиэ зыуэхуэ фирмэхэр, банкэр, хущъхуэхэр, хьэпшыпІ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщІэзыгъэкІ фабрикэхэр.

Нобэ зи Іуэхуэхэр нэхъ дэкІхэм ящыщщ банкхэр, аркъэ-шагъэр заво дхэр. Уиэныгъэм, щІэныгъэм пэрытхэм, мэкъумэшым елэжьхэм, нано-био-компьютер технологиехэр кьэзыгъэсэбэпхэм я зэфІэкІхэм хохьуэ.

- Хьэрычэтыщ1эхэр нэхьыбэу сыт хуэдэ гугъуехьхэм ирихьлІэрэ?

- Хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ мыинм, курытхэм яп лъэбакъуэхэр щачкІэ кьалЫкъуэкІ бюрократие лЫахьэхэм я лэжьыгъэр зыкъомкІэ гугъу ещІ. Ди зэгуэхьныгъэр апхуэдэхэм дежи щІэгъэкъуэн мэхъу. Ауэ зи гугъу тщІы экономикэм хэпщІащ. Абы щыгъуэми кризисыр псоми зэхуэдэу кьалъэІэсакъым - ди республикэм ар нэхъ мащІэу кьыжьэхуэщ. Абы и щапхьэщ хамэ кьэралхэм кьикІа хьэрычэтыщ1эхэм цыху мин бжьыгъэхэр щылъжьыну фабрикэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыщІэзыІуахыр.

- Хьэрычэтыщ1э Іэнатіэхэм ди республикэм нэхъ тегушхуауэ зыщегъэужьныщ1ыкІэ сыт хуэдэ кьэпІыпІэхэр щыІэу кьэпІыпІэрэ?

- Кьызэрэгъэзэщащи, мыин, курыт Іэнатіэхэм Іуэхугъуэ зэІуымыбз куэд я лэжьыгъэм хэлъщ. Ахэр нэхъ тынщу зэфІэкІынут кьэралым энергие уасэхэр игъэлъапхьэщ, налогыр игъэмащІэу, таможнэ Іуэхуэхэр нэхъ тынщ ищІу, нэгъуэщІхэмкІи хьэрычэтыщ1эхэм ядэІепыкьуамэ.

- Ди республикэр сыт хуэдэ хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ зэхуэмыдэу куэд хуэныкьуэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, щІыкІ, мэкъумэшым елэжьныгъ, гьавэр УФ-ми кьэралщІыми щызыхьэумэн, ар и фІагъкІи и уасэкІи нэгъуэщІхэм яйхэм япэхьуфу кьыззэгъэзащІэщ хуейщ. Дыхуэныкьуэщ гъэшІэжи, лыхэкІ ерыскъыкъэгъэ кьыщІэзыгъэкІыу ди республикэмкІи нэгъуэщІ щыпІэхэми щызыщІэнухэм, текстильмрэ фэмрэ елэжьынухэм, тхылъымпІэ, картон, целлофан кьыщІэзыгъэкІынухэм, ухуакІуэхэм, зэнгъэщІ кІуэрэ.

- Іэщ1агъэл1 ныбжьыщ1эхэр егъэджэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр сыт хуэдэу кьызэрегъэпэщр?

- «Налшык и бизнес-клуб Іуэхущ1ап1эм ныбжьыщ1э куэд егъэхьэзыр, я Іэщ1агъэр республикэм и экономикэм и зыужьныныгъэр егъэфІэкІуэным кьыщагъэсэбэпыну. Ди зэгуэхьныгъэм Іэмал имыІэу япэу гулыытэ хуещІ кьыщтэну лэжьакІуэм еджапІэ нэхъыщІхьэм сыт хуэдэ щІэныгъэ щыІэныгъэхьамэ. Зыпэрыхьэну Іэнатіэм ехьэлІа щІэныгъэ гъэрхэр ныбжьыщІэм бгъэдэлъын хуейц. Нобэкіэ цыху 50-м нэблагъэ гъэдэхащ1ин лэжьакІуэм хуэдэ зэрегъэхьэзыращ. Иджы ахэр Іэнатіэ пэрытщ.

- Апхуэдэ ныбжьыщ1эхэм сыткІэ фадэІепкъыгъэ?

- Іэщ1агъэл1 ныбжьыщ1эхэм еджапІэм щызрагъэгъуэта щІэныгъэм хагъахьуэу, ар лэжьыгъэ Іэнатіэм кьащтэсэ-бэпыну Іэмал яІэныжьмкІэ дадоІэпыкьу.

Елсэлър
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

●Налшык къалэм

Пэублэу сом мелуани 3,9-рэ

Іэщ1 кьагъэсэбэну ирагъакІуэкІа Іуэхугъуэм и зэран зэкІа, кьатиплІу зэтет щІалъэ кІэщІкІэ зэрагъэпэщыжьнущ.

ТЕРРОРЫМ пэщІэтын Іуэхугъуэм зэрыщІадзэм теухуа хьыбарыр зэрыльэІэсу, Налшык администрацэм и Іэтащ1хэм и кьалэнхэр зыщагъэащІэ Хьэгъэ Залымджэрий пщэрылъхэр псынщІэу зэфІэзыхьну штаб кьызэригъэпэщащ. Абы хагъэхьащ кьалэ администрацэм и унафэщІым и яп кьуэдзэ Сорокин Виктор, щыхьэрым щыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и депутат Бэджыдэ Мухьэмэд, Кьэхъукьащ1э щынагъуэхэмкІэ министерствэм щыщ Іэщ1агъэлІхэр, псэукІэр кьыззэгъэпэщ Іуэхущ1ап1эхэм я нэхъыжьхэр. Хабзэхьумэ органхэм я дэжьакІуэхэр зыщІэупщІэжьхэм псынщІэу унафэ тращІыхьащ. КьыщІагъэкІа-хэр защІэу Іуэхущ1ап1эхэм ягъэІэпхъуащ. Налшык кьалэ администрацэм деж кьыщызэрагъэпэщащ дэжьыгъэу зэфІагъэкІын хуейр къэзыльыта, унэм щыпсэуэхэм мылъкуу яфІэкІуэдар зыхуэдизыр зэхэзыгъэкІ комиссэ. УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1ап1эм и кьалэ кьудамэм и унафэщІ Гъэунэ Роберт зэрыжиІамкІэ, унэр зэгъэпэщыжьным сом мелуани 3,9-рэ хуХахьнущ. ЯфІэКІуэда мылъкум пкІуэу ахЬшэу иратыжьнур зыхуэдизри ягъэбелджылащ - ар сом зы мелуанрэ мин 50-рэ мэхъу.

Бэджыдэ Мухьэмэд и унафэм щІэту, «Къэббалъкъ-граждансткой» уухакІуэ организацэм Мечниковым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 112-нэ псэупІэ уэрэр зэрегъэпэщыжь. Антитеррор Іуэхугъуэр щагъэкІуэкІым фэтэригІыр зэрыщыту зэхакъуташ: щІэпхьаджащ1эхэм зыщагъэбыдауэ щытамрэ абы щыбгъурытымрэ. НэгъэщІ пэшитІи блынхэм я деж кьыщыщІэдзауэ зэфІэгъэувэжьхэм, зехьэжьхи хуейц. Иджыри пэшитху щыІэщ нэхъ дэжьыгъэшхуэ ирахьэІэну кьапэщыту. Адрейхэм, нэхъ мащІэ дыдэраду, щхьэгъубжэ абджэхэр хэкъутыкІащ.

Налшык кьалэ администрацэм псэупІэ хозяйствэм реформэ щегъэкІуэкІныныкІэ и кьудамэм и унафэщІ Хьэщхьуэжь Мурат кьызэригъэлъэгъуамкІэ, мы лэжьыгъэхэр жьыдэжу ирагъэкІуэкІ. Щхьэгъубжэ псори пластикым кьыхэщІыкІам хуэдэхэмкІэ зэрахьэжьныщ. Фэтэрхэмрэ унэ щыкьэпІэхэмрэ гъущІыбжэхэр хагъэуваш. Нэхъыбэу зэтекъута фэтэрхэм пэш зэхуаку блынхэр щызэрагъэпэщыж. Администрацэм и лЫкІуэхэм лжьыгъэхэр зэрыщІэзыІуам махуэ къэс ящагъэгъуаз.

- Ди жагъуэ зэрыхьунщи, унэр зейхэр гугъу йоХь, ауэ абыхэм я псэупІэм нэхъ псынщІэу ягъэзэжьын щхьэкІэ дэри тлъэкІ кьэдгъэнэркьым, - кьыхигъащ1эщ Шэхьхуэжь Мурат.

КУБАДИЕВ Нуржан,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэ.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщІэхэм я жэуапхэр

Технологие пэрыткІэ ягъэхъуж узыфэхэр

Сэ илъэс 65-рэ сохьу, ещанэ гупым хьыхьэ зыкьыуэдыкьуагъэ эбгъэдэлъщ. Си нэр Краснодар дэт клиникэм операцэ щащІын хуейуэ щытщ. Си тхылъхэр Узыншагъэр хьэмэныкІэ министерствэм щІэлъщ иКІи абы теуха унафэ кьащтэным сохьэ. СыныквольэІу си узыншагъэр зэрІэгъуэвэжьнымкІэ дэІепыкьуагъу фыкьыхсху эхъуну.

АХЪМЭТ Т. Н. *Бахьсэн кьалэ.*

Жэуап ирет КъБР-м узыншагъэр хьэмэныкІэ и министр **БИЦУ Вадим:**

- ТХЫГЪЭР зи Іэдакъщ1экІым Бахьсэн кьалэ сымаджэщым щыкІэльэпІлъ ИКІи щоІэзэ. 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м КъБР-м Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэм и оф тальмолог-Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэм хуэза нэужь, Краснодар щыІэ, Федоров С. Н. и цІэр зезыкъ» «Микрохирургия глаза» щІэныгъэ-техникэ комплексым операцэ щащІын хуейуэ чэнджещІ яІэтащ. КъБР-м Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэр а Іуэхущ1ап1эм гурыІуэгу щыналъэм и мылъкуКІэ сымаджэм Іэ ІэІэзэну. Ахьмэт Т. Н. медицинэ дэІепыкьуныгъэ зэригъуэтыну талонхэр, щыщІэхьхьэуэну щІыпІэм зэрыкІу эну кьыІэрыкІу эжынум и гъуэгупщІэр зэрыхуэтамкІэ документхэр кьыІэрыхьащ.

ЩІДАА-м и член-корреспондент, действительнэ член кьулыкьухэм ягъэувынухэр кьыхэхьным теуха зэпеуэ зэрекІуэкІынумкІэ хьыбар фагъащІэ

Зэпеуэм фыхэтыну фыхуеймэ

ЩІДАА-м и кьудамэхэр:
Тхьцэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ кьудамэ

Действительнэ члену - 2
Член-корреспонденту - 2
Жьлагъуэ щІэныгъэхэмкІэ кьудамэ

